

Pi Bon Pratik Jesyon Endistri ki Pwoteje Anviwònman yo/

Pwogram Atelye Edikasyon

- Atelye sa a se pou bay fòmasyon sou Pi Bon Pratik Jesyon (BMP) pou nenpòt moun k'ap travay nan zafè gazon, jaden flè, kontwòl kont pès/ ensèk nwizib, oswa zòn minisipal ki gen lakou yo.
- Pi Bon Pratik Jesyon yo (BMP yo) chita sou fason nou ka diminye polisyon moun konn mete nan tè a atravè fètilizasyon oswa aplikasyon pestisid.
- Nan fen fòmasyon sa a, yo pral ba w yon egzamen pou evalye konesans ou pran yo. Si ou pase egzamen sa avèk siksè, ou pral resevwa pa lapòs yon sètifika sou Pi Bon Pratik Jesyon (BMP) k'ap soti nan Endistri Pou Pwoteje Anviwònman.
- Anpil vil ak peyi mande pou gen sètifikasyon anvan ou kapab aplike pou travay oswa fè komès avèk kliyan.
- Asire ou ke ou remèt fèy egzamen ak tout evalyasyon'w yo, anvan jounen an fini.
- Si ou bezwen pestisid CEU yo tou, pa bliye siyen fòm prezans lan anvan ou deplase.

Yon ti Rale sou Endistri ki Pwoteje Anviwònman ak avangou sou egzamen an (45 minit)

Apèsi sou Pi Bon Pratik Jesyon (BMP) yo - Proteksyon resous dlo

Istwa, rezime pwogram Pi Bon Pratik Jesyon (BMP) an ak òdonans lokal yo.
Kouman nou ka itilize BMP yo pou pwoteje kalite dlo.

Repo

Pratik kiltirèl Gazon ak jaden flè, BMP yo (80 minit)

Pi Bon Pratik Jesyon pou gazon an sante ak bon jan peyizaj. Men detwa nan yo: fason pou taye gazon an, fètilizasyon ak efè irigasyon sou kalite dlo, santé plant yo ak kapasite yo tolere presyon ensèk nwizib yo.

Repo

Pi Bon Pratik Jesyon Irigasyon (50 minit)

Pi Bon Pratik Jesyon Irigasyon pou konsève dlo, diminye maladi dega ensèk, pwoteje kalite dlo. Pi Bon Pratik Jesyon (BMP) Irigasyon gen ladan yo: kondisyon pou irigasyon, konsepsyon, enstalasyon, siveyans, depanaj ak bon jan jesyon nan irigasyon yo.

Repa midi

Pi Bon Pratik Jesyon anger yo (50 minit)

Sous angrè yo: konparezon ak repons, aplikasyon; ak sekirite.

Repo

Pi Bon Pratik Jesyon Pestisid yo (50 minit)

Lisans; risk pou anviwònman an; kouman nou ka sèvi ak IPM nan yon pwogram jesyon; seleksyon pestisid yo, depo (fason nou konsève yo), fason nou manyen epi jete yo.

Revizyon

Egzamen, Evalyasyon ak CEU yo